

## Chè Zanmi,

Eta New York gen yon rich istwa divèsite relijye, yon tradisyon ki konsevwa nan Konstitisyon peyi nou an, epi aplike dapre lalwa pou pwoteje dwa tout moun pou pratike lafwa yo libelibè.

Antan Pwokirè Jeneral, mwen pran angajman pou pwoteje istwa tolerans relijye fyè sa a. Mwen krewe yon pwòjè nan Biwo Dwa Sivil pou rezoud vyolasyon libète relijyon, epitou pou aplike sevèman lwa anti-diskriminasyon yo. Nan edikasyon, asistans, ak konfli, Biwo Dwa Sivil nou an ap batay kont pratik diskriminasyon relijye, epitou l ap fè yon jan pou tout moun respekte lalwa konsènan adaptasyon rezonab pou moun ki gen lafwa nan espas travay yo.

Ameriken yo renmen anpil dwa pou pratike relijyon yo chwazi, libelibè epi nan lafwa. Si ou gen enkyetid pou yo vyole dwa ou, tiliv sa a ka ede ou jwenn repons ak resous ou bezwen yo. Ou ka kontakte Pwojè Dwa pou Relijyon Biwo Dwa Sivil nan 212-416-8250 oswa nan 800-771-7755.

Ak tout kè mwen,

*Letitia James*



Pwokirè Jeneral  
Vil New York la  
**Letitia James**

## Resous

Si ou panse yo vyole dwa relijye ou, ou ka chèche èd nan biwo ki anba la yo:

### **Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York, Biwo Dwa Sivil – Pwojè Dwa Relijye**

28 Liberty Street, New York, NY 10005

(212) 416-8250 or (800) 771-7755

(800) 788-9898 – TDD

[civil.rights@ag.ny.gov](mailto:civil.rights@ag.ny.gov) / [ag.ny.gov/bureau/civil-rights](http://ag.ny.gov/bureau/civil-rights)

### **Divizyon Dwa Moun Eta New York**

One Fordham Plaza, 4th Floor, Bronx, New York 10458

(718) 741-8400

TDD: 718-741-8300

[dhr.ny.gov](http://dhr.ny.gov)

Divizyon Dwa Moun Eta New York rezoud plent diskriminasyon relijye ki vyole Lwa Eta New York sou Dwa Moun.

### **Komisyon Etazini pou Menm Opòtinite Travay pou Tout Moun**

33 Whitehall Street, 5th Floor, New York, NY 10004

(800) 669-4000

TDD: (800) 669-6820

[eeoc.gov](http://eeoc.gov)

Komisyon Etazini pou Menm Opòtinite Travay pou Tout Moun travay sou akizasyon diskriminasyon relijye nan travay ki vyole Tit VII federal.

EEOC bay lòt enfòmasyon pou patwon ak anplwaye konsènan diskriminasyon relijye nan:  
[eeoc.gov/religious-discrimination](http://eeoc.gov/religious-discrimination).

# Dwa Pou Relijyon

## Nan espas travay



Biwo Avoka Jeneral  
**Letitia James**  
nan Eta New York



## Konnen Dwa Ou—Fason pou Ekilibre Lafwa avèk Travay

Kèlkeswa relijyon ou pratike a, li kapab difisil pou anplwaye ak patwon pou yo adapte obsèvasyon relijye nan yon espas travay egzijan. Lwa federal ak lwa eta asire Nouyòkè yo kapab ekilibre responsablite travay yo pandan y ap obsève lafwa relijyon yo.<sup>1</sup>

## Pwoteksyon Kont Diskriminasyon Relijye, Asèlman ak Vanjans

Dapre lwa eta ak lwa federal, patwon yo pa ka:

- Trete moun ki aplike pou travay oswa anplwaye yo yon fason diferan akòz kwayans oswa pratik relijye yo nan nenpòt domèn travay, tankou rekritman, anbochaj, afektasyon, disiplin, pwomosyon, ak avantaj;
- Fè asèlman sou anplwaye yo akòz kwayans oswa pratik relijye yo; oswa
- Fè vanjans kont moun ki aplike pou travay oswa kont anplwaye poutèt yo rapòte diskriminasyon relijye yo sipoze ki pratike nan espas travay la.

## Jou Obsèvasyon Relijye

Lwa Eta New York egzije patwon yo pou bay anplwaye yo pèmision pou yo obsève jou sen yo, sof si lè yo fè sa yo ta lakòz yon “gwo pwoblèm.”

Patwon an ka egzije anplwaye yo pou:

- Fè travay yo pa t fè nan yon lòt lè;
- Retire tan anplwaye a pa fè nan konje peye, ki diferan avèk konje maladi; oswa
- Pran konje san peman pou tan anplwaye a pa fè oswa pa reklame nan konje peye.

Si ou konsène pou dwa ou yo vyole, ou ka kontakte Pwojè Dwa Relijye Biwo Dwa Sivil nan (212) 416-8250 oswa (800) 771-7755. Enfòmasyon ki nan tiliv sa a pa ranplase konsèy yon avoka kalifye oswa yon lòt espè.

<sup>1</sup>Nan Eta New York, se Lwa Eta New York sou Dwa Moun ki gouvènè pwoteksyon yo kont diskriminasyon relijye; nan nivo federal, ou jwenn pwoteksyon yo nan Tit VII Lwa 1964 sou Dwa Sivil.

## Obsèvasyon Lòt Pratik Relijye

Patwon yo dwe eseye adapte avèk lòt pratik relijye yo tou, tankou abiman relijye ak egzijans aparans, ak lapriyè pandan jou travay.

## Kalite Adaptasyon

Adaptasyon avèk pratik relijye souvan gen ladan chanjman orè, eksepsyon nan kòd abiman, oswa deziyasyon yon espas travay la pou lapriyè. Si li bon pou toulède pati yo, adaptasyon yo ka gen ladan transfè lateral oswa chanjman nan egzijans djòb la.

Menmsi lalwa pa egzije sa, patwon yo ka adopte règleman fleksib pou konje ak orè pou pèmèt anplwaye yo satisfè bezwen relijye yo (pa egzanzp, tan ki fleksib pou rive ak pou ale, repo fleksib nan travay la, itilizasyon moman repa pou anplwaye yo ka ale bonè, oswa orè travay ki rekile).

Dapre Lwa Eta New York sou Dwa Moun, patwon yo ka pèmèt anplwaye yo chanje peryòd travay yo avèk kamarad travay si yo pa kapab fè lòt adaptasyon rezonab.

## Aplikasyon Bon Règleman ak Pratik ap Diminye Diskriminasyon ak Asèlman Relijye nan Espas Travay la

Kreyasyon règleman ak kritè aklè pou travay sou demann adaptasyon relijye kapab ede diminye posiblite pou diskriminasyon relijye nan espas travay la. Règleman ak pratik ki efikas gen ladan dispozisyon pou:

- Bay anplwaye yo enfòmasyon sou dwa yo genyen pou mande adaptasyon rezonab pou obsèvasyon relijye;
- Kreye yon pwosedi pou mande adaptasyon relijye;
- Antrene manadjè ak sipèvizè yo pou yo konsidere tout posiblite adaptasyon ki disponib;
- Fè reyinyon prese-prese avèk anplwaye yo konsènan bezwen relijye yo, demann adaptasyon yo, ak posiblite ki disponib yo; epitou
- Fè yon evalyasyon konplè sou chak demann, epi evite pwendvi sou pratik relijye, konviksyon, oswa kalite adaptasyon ki apwopriye.

## Patwon yo Dwe “Adapte yon Fason Rezon”

Lwa eta ak lwa federal egzije patwon yo pou fè yon adaptasyon relijye rezonab pou kwayans relijye sensè yon anplwaye genyen, sof si lè anplwaye yo fè sa yo kreye yon “gwo pwoblèm” sou patwon an. Yon adaptasyon relijye rezonab se yon adaptasyon ki pèmèt anplwaye yo swiv kwayans relijye yo avèk yon ti chanjman nan anviwònman travay la. Kwayans relijye pwoteje gen ladan non sèlman relijyon tradisyonèl ki òganize, men tou kwayans ki pa fè pati yon relijyon oswa yon sèkt fòmèl, menmsi se yon ti kantite moun ki pratike li.

## Pou evalye si gen yon gwo fado oswa pwoblèm, egzamine enfòmasyon espesyal demann lan, tankou:

- Kalite espas travay la;
- Kalite travay anplwaye a;
- Nenpòt depans asosye ki fèt pou dimansyon ak bidjè patwon an;
- Efè yon adaptasyon sou biznis patwon an;
- Akò nan negosyasyon ant patwon ak anplwaye oswa nan sistèm ansyènte ki anplas;

## Li enpòtan tou pou konnen:

- Lalwa pwoteje tout aspè obsèvasyon ak pratik relijye yon moun, menmsi pratik yo pa “obligatwa” dapre relijyon an;
- Yon anplwaye dwe fè patwon li konnen nesesite pou yon adaptasyon, epitou anplwaye a dwe bay tan ak enfòmasyon ki ase pou patwon an evalye demann lan;
- Patwon yo ak anplwaye yo ta dwe travay ansanm pou jwenn yon adaptasyon;
- Yon patwon ka poze kesyon sou abitud relijye pou evalye demann lan, epitou pou idantifye yon adaptasyon; epi
- Yon patwon pa gen obligasyon pou bay demann adaptasyon espesyal la, depi adaptasyon li ofri a satisfè bezwen relijye anplwaye a.